


Diosèz Legliz Episkopal Nan Masachosèt (Boston)

Komite ki okipe Misik ak Litiji
Men yon lapriyè pou

**Fèt Sen
Andwonikis ak Jinya,
2 Apòt
17Me**



We saw on earth the flesh-bearing Christ our God

© 2008 Order of St. Helena, used by permission,
by The Rev. Sr. Ellen Francis, OSH. www.osh.org

Yon tradiksyon ke desan ventwazyèm konvansyon Dyosèz la otorize nou eseye sòti nan lane 2009 pou rive nan lane 2013 apre konvansyon 2007-08 te dakò.

Nan fen lèt pou moun Ròm yo, Pòl te voye salitasyon pèsònèl li bay anpil moun. Li mande moun li t-ap ekri yo pou yo wete chapo yo byen ba devan “Andwonikis ak Jinya fanmi m' yo ki te al nan prizon ansanm avè m' yo, bonjou. Apòt yo konsidere yo anpil, yo te patizan Kris la anvan mwen.” (Rm. 16:7 / Ròm 16:7).

Nan premye lèt bay moun Korent yo chapit 15 vèsè 7 Pòl di ke Kris ki te leve byen vivan-an te parèt devan je douz disip yo apresa li te parèt devan tout lòt apòt yo. Sa t-a vle di se petèt lè legliz te fèk ap kòmanse, Kris la te bay kretyen jwif yo lòd pou yo ale kòm apòt toupatou kote ki gen moun pou yo preche levanjil. Kwake nou pa konnen ki relasyon ki te genyen antre yo, nèg sa-a ak fi sa-a te fè travay misyonè yo ansanm pandan plizye lane. Yo se konfesè paske yo te kenbe fèm nan lafwa malgre yo te soufri nan prison. Pòl te bay reskonsablite-l, fason li te viv ak minister li kòm apòt, anpil vale. Kidonk se yon gwo lwanj li te fè lè li te ekri ke de moun sa yo se te de apòt ki merite konpliman ak chapo ba.

Jan krizostòm ekri sou yo tou. Li fè lwanj pou Jinya yon famm men yon apòt tou. Nan lane 608 konsa, patriyach Konstantinòp la te fè yo tounen sen epi yo te bati yon legliz sou non yo. Depi lè sa-a, legliz ki nan loryan yo, Katolik, ak Òtodoks ki suiv rit loryan yo fete fèt yo 17 me. De syèk an syèk, moun k-ap fè potre kontinye fè desen Andwonikis ak Jinya.

Nan nevyèm syèk, Sen Jozèf ki te konn ekri kantik te ekri yon bèle pyès litiji pou chante yo ki genyen pawòl sa yo:

Avèk respè n-a bay lonè pou de zetwal k-ap klere
Pou Jinya ak Andwonikis ki te gen Lespri Bondye sou yo.
Pòl ke Bondye Beni te di byen fo kijan nou pa-t moun ki nòmal
Nan mitan apòt yo, nan legliz beni-a.

Apòt, konfesè, sen ke legliz rekonèt – tit sa yo di sa nou ye san konfizyon. Men sa ki pi enpòtan se jan Pòl di yo se moun ki nan Kris; Se te disip batize yo te ye. Nan batèm pa nou tou, Bondye rele nou pou li mete nou apa pou nou sèvi limenm sèlman, pou nou travay ak fanm ak gason nan legliz la, pou nou okipe yon plas nan preche levanjil epi pou nou “sèvi moun ki pi piti nan mitan frè ak sè nou”, menm jan ak Andwonikis ak Jinya.

17 Me

[Sen Andwonikis ak Jinya, Apòt]

Bondye ki gen tout pouvwa, Pitit gason-w lan, ki te leve byen vivan nan lanmò, te voye Andwonikis ak Jinya, apòt li yo, pou yo t-al preche levanjil ak pou yo fè rwayòm ou an vin pi laj: Voye nou tout, fanm kou gason, menm jan ou te voye Andwonikis ak Jinya, pa pouvwa Lesprisen-an, pou nou ka travay ansanm, pou nou ka pote temwayaj levanjil Jezikri-a. Limenm k-ap viv ki rwa, k-ap gouvènen ansanm ak ou ansanm ak Lesprisen-an, yon sèl Bondye koulye-a ak pou tout tan. *Amen.*

Sòm

68:1-11

oubyen 116

oubyen 116:1, 5, 10-17

Lekti

Izayi 61: 1-4

Ròm 16:1-2, 7, 16, 25-27

Jan 17: 6, 17-22

Prefas Apòt yo

Sa nou ta dwe konnen

Andwonikis ak Jinya enpòtan anpil paske yo se egzant yon gason ak yon fanm ki te travay ansanm pou pibliye Bòn nouvèl Jezikri-a nan sitiyasyon kote lavi yo te an danje. Plis toujou, sa pa fè lontan depi nou rive etidyé ak fouye fèy papye listwa ki pèmèt nou konfime ke Jinya se te yon fi kidonk pèmèt li pran plas li kòm sèl fanm nan mitan apòt ki nan Bib la. [Fòk nou di ke Nouvo tradiksyon revize bib la aksepte sa men Tradiksyon ansyen an Angle ak Grèk la depi plizye syèk te pito envante yon non gason, Jenyas, pou yo te kenbe Jinya sekèr.] Fèy papye listwa bay laverite sou li; yo montre nou tout bonvre ke Jinya se egzant yon fanm disip ki pa-t bouke travay aklè pou tout moun li t-ap sèvi.

Yon nòt sou dat fèt la fete

Nou t-a ankouraje pawas ki fè sèvis nan jou semèn yo pou yo ajoute fèt Andwonikis ak Jinya nan kalandrye yo. Si toutfwa 17 Me tonbe yon dimanch oswa jou asansyon n-a voye fèt la pou yon jou semèn anvan ou apre jou dimanch ou jedi asansyon an.

Piblisite

Lè nou fè piblisite pou fèt Andwonikis ak Jinya nan atik jounal, biletin lames, lèt elektwonik elatriye, nou pèmèt moun ki nan legliz nou ak plis moun toupatou aprann ak konprann wòl de moun sa yo te jwe nan lavi legliz. Nou ka pwofite fè istwa yo vin pi popilè nan mitan timoun lekòl di dimanch lè n-ap montre yo kisa lapantkòt ye ak kijan legliz te tabli toupatou sou latè.

For further reading

- Rena Pederson, *The Lost Apostle: Searching for the Truth about Junia* (San Francisco: Josey-Bass, 2006)
- Eldon Jay Epp, *Junia: First Female Apostle* (Minneapolis: Fortress Press, 2005)
- A four-page history of Bible translations and commentaries can be found online at <http://www.womenpriests.org/classic/brooten.asp>

Se Komite Litiji ak Misik Dyosèz Legliz Episkopal Masachosèt ki prepare ti liv sa-a. Révéran Rospignac Ambroise k-ap travay ansanm ak kominate Ayisyen an nan legliz Holy Spirit nan Mattapan ki fè Tradiksyon kreyòl Ayisyen an.
Ou ka gade ti liv sa-a nan lòt lang nan adrès: www.katrinasdream.org > Katrina's Story > Just Words > Saints Andronicus and Junia, Apostles... revised 11/08.